



Pou Piblikasyon Imedya: 08/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE DEMANN POU DEVLOPMAN ENÈJI EWOLYÈN
AGRAND ECHÈL OLAJ ZÒN KÒT NEW YORK LA YO**

Premye Faz Òf yo ap fè Vanse Devlopman 2,400 Megawat Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt New York la yo; I ap Sipòte Manda Gouvènè Cuomo genyen pou nou Itilize 50 Pousan Enèji Renouvlab Apati 2030 pou Konbat Chanjman Klimatik yo

New York vin Premye Eta ki Egzije Dispozisyon sou Salè ak Travay pou Pwojè Ewolyèn Olaj Zòn Kòt la yo pou Asire Kreyasyon Bon Jan Kalite Djòb pou Travayè New York la yo

Eta a pral Akeyi Fowòm Founisè Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt New York la yo 15 Novanm 2018 pou I Konekte Biznis New York yo ak Opòtine Apwovizyonman Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt la yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon [demann](#) global k ap chache 800 megawat oswa plis nan kad nouvo pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo pou New York. Òf sa yo t ap tann anpil ke Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pibliye a ap lanse konpetisyon pou kontra premye devlopman enèji ewolyèn agrand echèl olaj zòn kòt Eta New York la yo, ki se yon premye pa anvè objektif eksplwatasyon 2,400 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo apati 2030 pou konbat chanjman klimatik yo. Demann lan ap akselere pwogrè New York ap fè anvè manda Gouvènè Cuomo genyen pou 50 pousan nan kouran eta soti nan sous enèji renouvlab apati 2030 epi l ap lanse nouvo endistri enèji ewolyèn olaj zòn kòt la yon fason konsiderab nan New York.

“Mezi sa a se yon moman desizif nan kad efò devlopman enèji renouvlab New York ap fè yo pandan n ap travay pou nou tabli yon avni enèji pwòp ki sekirite, epi ki rantab”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York pral kontinye konbat chanjman klimatik yo, lè nou ap envesti nan devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt ak enèji pwòp solid k ap ofri yon chemen anvè yon avni ki pi favorab a anviwònman ak pi dirab nan eta nou an ak toupatou atravè mond lan.”

“Demann sa a yo fè pou pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kòt la ap fè vanse angajman nou pran pou nou ka atenn objektif enèji pwòp agresif nou yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou ap kontinye fè vanse devlopman enèji renouvlab toupatou

atravè eta a pou nou asire yon anviwònman ki pi pwòp ak pi vèt pou jenerasyon k ap vini yo. New York ap trase chemen an nan efò nou ap fè pou nou devlope endistri a epi konbat chanjman klimatik yo.”

Òf istorik sa a make yon nouvo chapit enpòtan nan efò planifikasyon devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt premye plan lidè nan nasyon an New York ap antreprann yo, ke yo te mennen pandan twa zan epi ki te gen ladan konsiltasyon apwofondi ant pati prenan yo, ajans yo, ak popilasyon an ansanm ak analiz teknik ak finansye apwofondi yo te fè yo. Efò planifikasyon sa yo te sèvi kòm baz pou Plan Direktè Devlopman Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt New York la (Offshore Wind Master Plan), ke yo te pibliye an Janvyè 2018 la, ak Òdonans Komisyon Sèvis Piblik la (Public Service Commission) te pibliye an Jiyè 2018 la ki tabli Estanda Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt Eta a (State’s Offshore Wind Standard), sa ki te tabli fondasyon pou nou te ka atenn etap enpòtan sa a n ap fè vè lavan.

Richard Kauffman, ki se Prezidan Enèji ak Finans lan (Energy and Finance), te deklare, “Avèk demann sa a, New York ap franchi yon etap kapital anvè yon avni enèji renouvlab, pwòp. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap kreye yon endistri enèji ewolyèn olaj zòn kòt premye ran lidè nan nasyon an, sa k ap pote bon jan kalite djòb ak opòtinite ekonomik ki pi favorab a anviwònman an pou Nouyòkè yo avèk yon sistèm enèji ki koute mwens, ki pi pwòp, epi ki pi efikas. New York nan yon pozisyon ideyal pou nou kapte teknoloji kwasan sa a epi demontre ke envestisman nou ap fè nan enèji pwòp yo ka benefik pou Nouyòkè yo alafwa sou plan ekonomik ak sou plan anviwònmantal”.

Yo prevwa devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo, ki se yon endistri global depwent an kwasans rapid, pral pote envestiman yo estime a 6 milya dola vin nan New York, ki pral sipòte apeprè 5,000 nouvo djòb ki otman kalifye nan sektè manifakti a, enstalasyon ak operasyon santral ewolyèn olaj zòn kòt la yo ak prèske 2,000 djòb nan operasyon ak antretyen alontèm yo. Demann NYSERDA a gen ladan yon egzijans ki se tout premye egzijans konsa pou kontra sou salè ak travay devlopè enèji ewolyèn yo pou yo asire ke pwojè yo pote bon jan kalite djòb pou travayè Nouyòkè yo.

Pou fasilite kapasite biznis New York yo ka patisipe nan livrezon pwojè sa yo, NYSERDA pral òganize Fowòm Founisè Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt New York la (New York Offshore Wind Supplier Forum) jou 15 Novanm 2018 la nan Vil New York pou konekte founisè lokal yo ak founisè sèvis ak devlopè ak eksplwatè enèji ewolyèn olaj zòn kòt global yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou Fowòm lan ki disponib [isit la](#).

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo prè pou l vin pwochen gran resous enèji pwòp pou Etazini, epi gras a angajman solid Gouvènè Cuomo pran pou l devlope nouvo enèji renouvlab yo epi lite kont chanjman klimatik yo, kounye a New York nan yon pozisyon pou nou alatèt nouvo endistri sa a k ap boujonenn an. Avèk piblikasyon demann jodi a, New York pral lanse devlopman ak konstriksyon premye jenerasyon pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kòt a grand echèl la, epi NYSERDA te estriktire demann lan nan fason pou l asire ke pwojè sa yo ap konplètman respekte pwomès anviwònmantal ak devlopman ekonomik yo te fè yo”.

Nan kad demann lan, NYSERDA gen kapasite pou l akòde kontra alontèm 25 an pou pwojè yo soti nan apeprè 200 megawat rive nan apeprè 800 megawat, avèk yon kapasite pou yo akòde kantite ki menm pi gran ankò si yo resevwa pwopozisyon ki atiran ase. Yo egzije tou pou chak soumisyonè yo soumèt omwen yon pwopozisyon pou apeprè 400 megawat. Delè òf yo ap Fevriye 2019, epi yo prevwa akòde prim yo nan prentan 2019 la, epi yo prevwa egzekite kontra yo apres a pou yo ka pwofite de kredi taks federal la k ap ekspire a.

Lòt dispozisyon notab ki genyen ankò nan demann sa a gen ladan:

- Asire ke kominote kotyè yo konplètman angaje epi enfòme pandan pwosesis devlopman ak konstriksyon an;
- Egzije Kontra Travay Pwojè (Project Labor Agreements) ak salè an vigè pou travayè yo an rapò ak konstriksyon nenpòt etablisman ki te resevwa prim lan yo;
- Ankourajman pou kreyasyon djòb ki gen rapò ak endistri a yo, depans pwojè ak investisman k ap fèt nan enfrastrikti Eta New York la yo, lè yo egzije pou benefisyè yo soumèt yon plan avantaj ekonomik pou evalyasyon, ki gen odit ak verifikasyon endepandan ki te fèt sou reyalyasyon afimasyon sa yo pou soutni yo; epi
- Aktivman abòde enterè moun ki itilize lanmè a yo tankou pou lapèch komèsyal ak rekreyatif, ak pati prenan anviwònman yo jan sa refleto nan plan atenyasyon ke gwoup travay teknik New York la te enfòme yo.

Nan kad Òdonans Jiyè 2018 Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la, ki te adopte objektif 2,400 megawat la epi defini kad pou premyè faz demann lan yo, NYSERDA pral akòde pwopozisyon alafwa sou baz pri soumisyonè a ofri ansanm ak avantaj ekonomik ak vyabilite pwojè a. Atravè demann sa yo, NYSERDA ap jwenn Sètifika Enèji Ewolyèn Renouvlab Olaj Zòn Kòt la yo (Offshore Wind Renewable Energy Certificates, ORECs), nan men etablisman ki jwenn prim yo.

Pandan pri pou eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kòt la ap desann nan fason konsiderab pandan deseni ki sot pase yo an Ewòp ak toupatou nan mond lan, New York ap trase chemen an pou nasyon an pou pote teknoloji renouvlab sa a vin nan zòn kòt Atlantik Etazini an. An jen, NYSERDA te akòde 18.5 milyon dola nan finansman Depatman Enèji Etazini an (U.S. Department of Energy) te bay pou mennen yon konsòsyòm sou Rechèch ak Devlopman (Research and Development Consortium) pou fè vanse enèji ewolyèn onivo nasyonal. Endistri a, milye inivèsité a, ak laboratwa nasyonal yo pral sipòte inisyativ Konsòsyòm lan yo pou redwi depans ak risk pou pwojè devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt toupatou atravè Etazini an yo pandan l ap sipòte fabrikasyon ak chèn apwovizyonman enèji ewolyèn olaj zòn kòt ki baze nan Etazini. Konsòsyòm lan ap ranfòse wòl lidèchip New York genyen nan efò pou fè vanse devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt la nan fason ki rantab, ak responsab.

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la, John B. Rhodes te deklare, “Devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt la santral nan pwosesis pou nou atenn objektif Gouvènè Cuomo genyen pou itilize 50 pousan enèji renouvlab apati 2030, avèk bon pwojè pwòp ki byen sitiye. Avèk etap sa a, New York alatèt devlopman gran resous ak endistri sa a, epi nou nan pozisyon pou nou atenn bon valè enèji pwòp pandan n ap redwi pri yo nan

fason konsiderab, ansanm ak kreye anpil milye djòb ki byen peye ak anpil milyon dola investisman nan kominote ki sou zòn kòt yo ak nan New York la yo”.

Komisè Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor), Roberta Reardon, te di, “Enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo se yon eleman ki enpòtan anpil pou avni enèji renouvlab eta a epi kwasans ki gen nan endistri sa a vle di bon jan kalite djòb pou Nouyòkè yo. Demann sa a pap sèlman sipòte angajman eta kontinye pran anvè anviwònman li ap benefisye travayè yo tou lè l egzije kontra travay pwojè yo, sa k ap garanti salè an vigè epi ankouraje kreyasyon djòb”.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Basil Seggos te di, “Devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt la se yon eleman enpòtan nan ajanda global enèji pwòp New York genyen pou l redwi degajman gaz a efè sèr yo epi lite kont efè chanjman klimatik yo. DEC te travay an kolaborasyon etwat ak pati prenan ak patnè kle yo, ki gen ladan endistri lapèch komèsyal la ak patnè eta nou yo nan NYSERDA ak Depatman Eta a, pou asire ke devlopman enèji potansyèl yo evite abita sansib ki sitiye olaj zòn kòt la yo, epi rekòmandasyon sa yo pral gide demann sa a pou asire ke yo pozisyone enstalasyon enèji ewolyèn olaj zòn kòt la nan fason responsab k ap pwoteje resous natirèl nou yo”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Howard Zensky te deklare, “Enèji pwòp se yon eleman vital pou avni ekonomik New York epi konpetisyon sa a pral mete angajman eta pran anvè enèji ewolyèn olaj zòn kòt la nan yon lòt nivo, sa k ap kreye nouvo djòb ki favorab a anviwònman epi jenere anpil milya dola nan investisman”.

Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare, “Anons sa se yon trè gran pa pou Long Island ak pou New York nan kad misyon nou genyen pou nou konstwi yon ekonomi enèji pwòp. Gouvènè Cuomo kontinye rete yon chanpyon pou anviwònman an ak pou eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kòt la, epi nou remèsye l ak administrasyon li an paske yo rete konsantre sou fason pou yo trase chemen an pou yon New York ki pi pwòp, ak pi favorab a anviwònman an”.

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, “Anons jodi a reprezante yon moman siyifikatif pou avni Long Island, pandan n ap travay pou nou atenye efè chanjman klimatik yo epi tabli New York kòm yon lidè nan enèji pwòp. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou angajman inebranlab li pran anvè yon klima enèji pwòp isit la nan Konte Suffolk ak toupatou atravè Eta New York la”.

Joe Martens, ki se Direktè New York Offshore Wind Alliance, te deklare, “Piblikasyon tou premye apwovizyonman konpetitif enèji ewolyèn olaj zòn kòt NYSERDA te fè pou eta a kapital epi se pwochèt etap nan kad angajman inebranlab Gouvènè a pran pou l sekirize omwen 800 MW nan sous enèji sa a ki pwòp, renouvlab, ki pa gen kabòn apati 2019. Gras a Gouvènè Cuomo, New York ap swiv yon apwòch apwofondi, reflechi epi entelijan anvè eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kòt la. Lidèchip eta a nan kad efò n ap fè pou vanse eksplwatasyon enèji pwòp olaj zòn kòt la nan fason agresif pral lakoz kreyasyon anpil milye djòb, plis divèsite enèjetik, nouvo biznis epi efektivman, yon nouvo endistri enèji pwòp Ameriken”.

Kevin Law, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Long Island Association (LIA) lan, te deklare, “Demann jodi a reprezante yon etap enpòtan vè lavan nan kad konstriksyon ekonomi enèji pwòp Long Island lan, sa k ap kreye nouvo djòb nan endistri sa a epi k ap divèsifye sous kabiran nou yo, se sa ki fè LIA te sipòte devlopman resous sa a”.

Lisa Dix, ki se Reprezantan Prensipal New York nan Sierra Club la, te deklare, “Nou ap aplodi Gouvènè a ak administrasyon li an pou aksyon istorik sa a y ap fè nan devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt la ki pral ede asire New York kòm yon sant rejyonal pou endistri enèji ewolyèn lan ak yon pwisans nasyonal pou ekonomi ak djòb nan sektè enèji renouvlab la. Gouvènè a te respekte angajman l pran pou l fè vanse enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo rapidman, epi li te fè sa a nan yon fason ki ofri avantaj maksimòm pou Nouyòkè yo. Nou felisite Gouvènè a ak eta a paske yo respekte angajman yo pran anvè kontra pou eksplwatasyon enèji ewolyèn responsab olaj zòn kòt la lè yo asire estanda anviwònmantal ak estanda travay solid yo, epi sipòte biznis lokal yo, kominote lokal yo atravè yon chèn apwovizyonman ki disponib onivo lokal”.

Catherine Bowes, ki se Direktè Pwogram pou Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt la (Offshore Wind Energy), Federasyon Nasyonal Bèt Sovaj la (National Wildlife Federation) te deklare, “Anons jodi a make pwogrè istorik k ap fèt nan kad pouswit New York anvè enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo ke yo devlope nan fason responsab, epi nou aplodi Gouvènè Cuomo ak NYSERDA pou lidèchip yo nan angajman yo pran anvè yon pwosesis ki ka maksimize alafwa avantaj anviwònmantal yo ansanm ak avantaj ekonomik solisyon pou chanjman klimatik sa a ke nou vrèman bezwen anpil. Nou atann pou nou travay ak administrasyon Gouvènè Cuomo a pou nou fè vanse modèl nasyonal sa a epi asire ke tout pwojè yo konstwi pou alimante New York la yo devlope nan fason responsab avèk estanda pwoteksyon bèt sovaj ki pi elve y ap mete an plas nan chak etap pwosesis la”.

Gordian Raacke, Direktè Egzekitif Enèji Renouvlab Long Island lan (Renewable Energy Long Island), te deklare, “Demann apèl òf pou enèji ewolyèn olaj zòn kòt ki te fèt pou New York jodi a make yon etap trèz enpòtan nan tranzisyon eta nou an ap fè anvè sous enèji renouvlab lokal yo. Nou felisite Gouvènè Cuomo pou lidèchip vizyonè li a, epi nou remèsye NYSERDA paske yo ap vanse rapid pou yo tabli New York kòm yon lidè nan eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo”.

Lara Skinner, ki se Direktè Egzekitif, Enstiti Travayè ILR la (ILR Worker Institute) te deklare, “Piblikasyon NYSERDA fè jodi a pou yon Apèl Òf (Request for Proposals, RFP) 800 MW enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo make yon moman istorik nan angajman Eta New York pran pou nou tabli yon endistri enèji ewolyèn olaj zòn kòt ki solid epi ekita ki pral transfòme ekonomi New York la pandan deseni k ap vini yo. An patikilye, RFP sa a gen ladan dispozisyon travay ki mete Eta New York la alatèt efò k ap fèt pou takle kriz klimatik la epi kreye bon jan kalite djòb k ap sipòte klas ouvriye a. Soti nan manifakti pyès konpozan enèji ewolyèn olaj zòn kòt la yo, rive nan enstalasyon pòtyè ewolyèn olaj zòn kòt yo, ak anpil milye djòb y ap kreye nan sektè konstriksyon pak ewolyèn olaj zòn kòt la yo, avèk anons jodi a, New York ap sezi yon trè gran opòtinite pou yo kreye djòb ak devlopman ekonomik”.

Anne Hawkins, Direktè Egzekitif, Alyans pou Devlopman Responsab Olaj Zòn Kòt la (Responsible Offshore Development Alliance, RODA) te deklare,

“Kowalisyon nou an chache ofri yon vwa ini pou endistri lapèch komèsyal la konsènan pwoblèm ki gen rapò ak lokalizasyon ak operasyon devlopman ewolyen olaj zòn kòt yo, epi pou asire ke nenpòt avansman ki fèt nan enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo fèt nan yon fason ki minimize konfli ak lapèch tradisyonèl ak istorik ki egziste deja yo. RODA jwenn ankourajman atravè apwòch kolaboratif inik ak vizyonè ke New York te pran nan kad demann sa a kote yo egzije patisipasyon endistri lapèch komèsyal la, atravè yon apwòch komen ak devlopè yo ak eta a, pou yo reyalize kad atenyasyon lapèch yo ki ka reponn a enpak potansyèl dirèk oswa endirèk y ap genyen sou lapèch”.

Adrienne Esposito, Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwonman (Citizens Campaign for the Environment), te deklare,

“Tranzisyon nou soti nan kabiran fosil pou n pase a enèji renouvlab yo fenk sot pran yon trè gran pa vè lavan avèk angajman istorik sa a. Sa a pral chanje règ jwèt la yo, se yon eritaj tout Nouyòkè dwe fyè de li. Lè nou atake chanjman klimatik yo de fwon New York ap pwouve li se yon lidè global. Demann sa a se yon viktwa ekstraòdinè pou sektè enèji renouvlab la, pou klima a, ak pou pèp la”.

Gary LaBarbera, ki se Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Rejyon Metwopolitèn New York la (Building and Construction Trades Council of Greater New York), te deklare,

“Metye Konstriksyon Vil New York la kontan anpil pou RFP istorik sa Eta a genyen pou eksplwatasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt la. Byenke plizyè eta te mete ansanm nan kad efò pou devlope yon politik ak yon endistri enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo, se Eta New York la ki te rive pi lwen pou asire ke nouvo endistri sa a pwodwi bon jan kalite opòtinite anlwa yo. Metye Konstriksyon Vil New York la remèsye Gouvènè Cuomo ak NYSERDA pou lidèchip yo nan apwovizyonman politik pwogresif nan kad apwovizyonman enèji renouvlab yo, tankou enklizyon egzijans salè an vigè ak Kontra Travay Pwojè a yo nan RFP sa a. Politik sa yo asire ke djòb nouvo endistri sa a kreye yo pral bon jan karyè klas mwayèn k ap ofri salè ekselan, avantaj asirans sante ak retrèt ekselan, ansanm ak sekirite ak fòmasyon pwofesyonèl pou nouvo sektè sa a. Plan Eta New York genyen pou apwovizyonman Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt yo se yon sitiyasyon ‘gayan/gayan’ pou Nouyòkè yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)